

Timoun bourik la




✎ Lindiwe Matchikiza

👤 Meghan Judge

📍 ACE Haiti-University of Notre Dame USA

|| 3

🗨️ kreyol ayisyen ht



Global Storybooks

globalstorybooks.net

Timoun bourik la

✎ Lindiwe Matchikiza

👤 Meghan Judge

📍 ACE Haiti-University of Notre Dame USA



This work is licensed under a Creative Commons

[Attribution 4.0 International License.](https://creativecommons.org/licenses/by/4.0)

<https://creativecommons.org/licenses/by/4.0>






Se te yon ti fi ki te wè an premye
yon fòm dwòl nan distans lan.

Plis fòm nan tap vanse plis li wè ke
se yon madanm gwo vant anpil kap
mache sou yo.





Ti fi a te timid men li te brav tou, li proche pi pre madanm nan. Moun yo ki te avèk li deside "Fòke nou kenbe li avèk nou," Nou pral mete'l ak pitit li nan sekirite."



Bourik la ak manman'l grandi ansanm enpi piti piti lòt moun nan fanmi an vin kòmanse viv nan zòn la.



Madamm nan kòmpanse gen tranche.
"Pouse!" "Pote kouvéti!" "Dlo!"
"Pouuuuuussee iii!"



Li jwenn mannan li kite pou kont li
ak anpil lapenn. Yo gade yon lòt nan
grenn je pandan yon bon moman
enpi mannan louvri de bra li pou'l
akeyi piti li.



Men lè yo wè ti bebe a, yo tout sezi
"Yon bourik?"



Kidonk, Bourik la te konnen sa pou'l
te fè.

Moun yo kòmase diskite. "Nou te di nou tap kenbe manman an ak tout pitit li an sekirite kidonk se sa nou pral fè". Men kèk lòt moun di "Bagay sa a pral bannou devenn!"

7

... nyaj yo te disparèt ansann ak gramoun lan.

18





Se konsa, manman an vin jwenn li pou kont li ankò. Li pate konnen kisa pou'l te fè ak pitit dwòl sa a, kisa pou'l fè ak tèt li.



Granmoun lan ak bourik lan tonbe dòmi sou tèt mòn sa a. Bourik lan reve ke manman'l te malad, li tap rele li. Lè li leve ...

Li reyalize finalman ke se pitit li e ke
li se mannan an.



Yon maten, gramoun nan mande
bourik la pou li pote'l sou tèt yon
mòn.





Si pitit la pate grandi sa pa ta yon pwoblèm men pitit lan kòmanse grandi, grandi jis li pa te kapab rete sou do manman'l ankò. Malgre tout sa li fè li pat kapab aji tankou yon moun. Manman an te fatige ak tris toutan. Gen defwa li fè timoun lan travay tankou yon bèt.



Bourik lan ale rete kay granmoun nan ki aprann li plizyè jan pou li degaje'l viv. Bourik lan koute, li aprann e li fè sa granmoun nan di li. Yonn ede lòt enpi yo ri ansanm.



Lè li leve li wè yon mesye dwòl kap
fikse li. Li gade gramoun nan nan
je enpi li kòmase santi yon ti
espa.

14



Bourik lan kòmase fache. Li pat ka
fè yon pa kita yon pa nago. Yon jou,
li te si tèlman fache ke li jete
manman'! atè anba kout pye.

11



Bourik la vin wont sa'l fè a enpi li tonbe kouri, kouri, kouri.



Lannwit tonbe, bourik la pèdi. "Hi han?" li di tou ba nan fè nwa a. "Hi han" li tande vwa li ap repete. Li te pou kont li. Li mete kò li tankou yon boul enpi li tonbe dòmi ajite.